

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Règ Espesyal SSI pou Timoun Pèsonèl Militè k ap Viv nan Peyi Etranje



Pitit Pèsonèl Militè

Pifò moun ki resevwa benefis SSI epi ki kite Etazini pandan 30 jou oswa plis pa elijib ankò pou resevwa benefis SSI. Men tou, gen yon règ espesyal pou timoun pèsonèl militè.

Yon timoun ka kontinye resevwa benefis SSI oswa li ka aplike pou benefis SSI pandan l ap viv nan peyi etranje si timoun nan:

- yon sitwayen ameriken; epi
- l ap viv avèk yon paran ki se yon manm Fòs Lame ameriken yo voye pou yon travay pèmanan deyò Etazini.

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Si pitit ou ap resevwa benefis SSI epi ou resevwa lòd militè pou ale nan peyi etranje, kontakte biwo Sekirite Sosyal zòn ou oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** anvan w deplase pou kite Etazini.

Ou dwe anmezi pou di nou:

- lè w prevwa ou prale nan pòs travay la nan peyi etranje;
- lè w prevwa pitit ou ap vin jwenn ou;
- adrès postal ou nan nouvo pòs travay ou; epi
- nenpòt enfòmasyon ou genyen sou alokasyon militè (pa egzanp alokasyon pou lojman, alokasyon pou manje, elatriye) nan nouvo pòs travay ou.

Si w se yon manm Fòs Lame ameriken ki deja nan yon pòs travay nan peyi etranje epi w panse pitit ou ka elijib pou benefis SSI, kontakte Anbasad ameriken ki pi pre w la. Biwo Konsil, oswa voye yon lèt bay:

Social Security Administration
Attn: SSI Military Children Overseas Coordinator
1 Frederick Street, Suite 100
Cumberland, Maryland 21502

Lè w ap kontakte nou, asire ou ban nou adrès ou, nimewo telefòn ou, epi non ak nimewo Sekirite Sosyal pitit ou.

Ki Enstwiksyon sou Rapò Espesyal pou Timoun k ap Resevwa Benefis SSI nan peyi etranje?

Ou ta dwe rapòte nenpòt chanjman nan revni, resous, oswa adrès pou yon paran oswa yon timoun k ap viv lakay ou ban nou **nan 10 jou** ki vini apre mwa ki gen chanjman an.

Epitou sonje pou rapòte:

- si pitit ou k ap resevwa SSI la kite kay la;
- si lòt moun vin viv lakay ou oswa kite kay ou; oswa
- si w kite Fòs Lame epi ou kontinye rete nan peyi etranje.